

SS.7.C.1.3

Dekri kouman règleman Anglè ak repons a enkyetid kolonyal mennen a ekri Deklarasyon Endependans lan.

SS.7.C.1.3 Klarifikasyon Nosyon Fondamatal 2: Elèv yo ap rekonèt tèm yo ki kache nan règleman Anglè kolonyal yo konsènan taksasyon, reprezantasyon, ak dwa endividyèl ki te fòme baz dezi kolon Ameriken yo pou endependans la.

Rezon ki fè ke kolon yo deklare endependans la, ka rezime an twa tèm prensipal: **dwa endividyèl**, taksasyon ak reprezantasyon. Dwa endividyèl se dwa ki garanti a yon moun. Kolon yo kwè ke Wa George III ak **Palman an** te limite dwa endividyèl kolon yo pa lwa yo ke yo te pase ak reyakson yo nan plent kolonyal yo. Kolon yo kwè ke dwa yo te limite sou plizyè **machandiz** ak sèvis pandan ke **taks** sa yo pat benefisyé koloni yo. Yo menm kwè tou ke dwa yo te limite paske enterè yo pat reprezante nan Palman an paske kapasite yo pou yo gouvène nan koloni yo te disparèt.

Byen ak sèvis Anglè yo ki te takse, kolon yo te itilize yo kòm yon fason pou yo peye dèt akòz Lagè Fransè ak Ameriken an. Kolon yo te kwè ke taks sa a te enjis paske lajan taks yo te ale dirèkteman an Angletè, olye ke lajan yo retounen nan koloni yo. Kolon yo te kwè tou ke taks te enjis paske koloni yo pat gen reprezantan nan Palman an. Kolon te kwè ke **taksasyon san reprezantasyon** te mal.

Reprezantasyon te yon lòt enkyetid prensipal, espesyalman ide kolon yo ak opinyon yo pou te reprezante nan Palman an ak kapasite kolon yo pou yo reprezante tèt yo nan gouvènman kolonyal yo. Kolon yo pat reprezante nan Palman an e se poutèt sa enterè oswa opinyon yo pat konsidere lè lwa yo te pase ak lè yo te pran lòt desizyon. Nan kèk tan, yo te wete dwa pou kolon yo vin gouvène tèt yo, lè Palman an te deklare ke Anglè yo te genyen otorite ki pi wo pou gouvène koloni yo ak lè Palman an te sispan a kèk gouvènman kolonyal yo e mete mamm nan Palman an chaj.

dwa endividyèl - dwa garanti oswa sa ki nan yon moun

machandiz - machandiz oswa objè pou vann oubyen pou fè komès

Palman an - lejislati Anglè a

taks - lajan chaje pa yon gouvènman pou establisman oswa sèvis espesifik

taksasyon san reprezantasyon - lide ki fè konnen ke li enjis pou yo takse yon moun san yo pa bay yo a di nan gouvènman

Sous:

“Effects of the French & Indian War.” *About.com*. N.p., 2014. Web. 10 March

2014. <<http://militaryhistory.about.com/od/americanrevolution/a/amrevcauses.htm>>

“English Colonial Era 1700 to 1763.” *TheHistoryPlace.com*. The History Place, 1998. Web. 10 March 2014.

<<http://www.historyplace.com/unitedstates/revolution/rev-col.htm>>

“Timeline for American Independence.” *CRFCelebrateAmerican.org*. Constitutional Rights Foundation, 2013. Web. 10 March 2014. <<http://www.crfcelebrateamerica.org/index.php/story/69-timeline-for-american-independence>>